



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE AKÒ POU TRANSFERE FANM AK MOUN TRANS KI NAN PRIZON YO SOTI NAN RIKERS

Yo te idantifye plis pase 200 fanm ak moun trans pou transfere soti Rikers Island pou ale nan Etablisman Eta yo

Dènnye efò pou mete total prizonye Rikers ki transfere nan chaj Eta a plis pase 350

Jodi a, pou abòde sityasyon nan Rikers Island lan, Gouvènè Kathy Hochul, nan patenarya ak Majistra Bill de Blasio, te anonse yon akò ant Eta ak Vil New York pou transfere prèske tout fanm - ak moun yo idantifye kòm trans ki anprizone aktyèlman nan Rikers Island nan de etablisman Eta a dirije nan Bedford Hills, Konte Westchester, Etablisman Koreksyonèl Bedford Hills (Bedford Hills Correctional Facility [Bedford]) ak Etablisman Koreksyonèl Taconic (Taconic Correctional Facility [Taconic]), toulede dirije pa Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York.

Akò sa pral transfere tanporèman apeprè 230 moun nan etablisman Eta yo apiye ratifikasyon resan Lwa Less is More Gouvènè Hochul la an lwa, k ap fè prevansyon detansyon ki pa nesèsè nan Rikers, ansanm ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki elaji odyans adistans pou prizonye yo epi k ap finalman ede diminye kantite tan prizonye yo dwe pase nan Rikers.

"Sityasyon nan Rikers Island lan grav epi konplèks, e kidonk, sa mande aksyon ki odasye nan tout nivo gouvènman an pou pote chanjman," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Mwen espesyalman touche ke Eta a kapab ede kèk nan popilasyon ki pi vilnerab yo nan Rikers, e jodi a, mwen fyè pou anonse akò Eta a ak Vil la pou deplase tanporèman majorite nan popilasyon sa yo soti Rikers epi antre nan etablisman ki pi sekirize Eta yo, epi mwen remèsye Vil la pou patenarya li sou etap enpòtan sa. Mezi sa yo ap ede fasilite enkyetid rekritman, kontrent kapasite, ak amelyorasyon sekirite pi plis pou plizyè santèn prizonye jiskaske lè a rive pou Vil la ka idantifye epi mete anplas yon solisyon pèmanan k ap pote jistis nan sityasyon Rikers la."

"Vil New York City angaje pou fòje yon sistèm jistis ki pi jis, pi imen," **Majistra Bill de Blasio te deklare.** "Mwen fyè pou travay ak Gouvènè Hochul sou inisyativ sa, k ap bay soulajman ki enpòtan pou sityasyon nan Rikers la. Efò refòm nou an nan Rikers Island te fè pwogrès ki ankourajan, epi plan prizon ki baze nan awondisman nou yo ap avanse

epi I ap transfòme sistèm sa nèt - men pa gen anyen ki ranplase soutyen imedya patnè nou yo nan Eta a nan moman enpòtan sa."

Dapre plan an, ki otorize dapre Seksyon 504 nan Lwa Koreksyon Eta New York la, Depatman Koreksyon (Department of Corrections, DOC) Vil New York la ap kòmanse transfere moun ki nan prizon yo nan de etablisman apati semèn 18 oktòb la. Transfè yo ap fèt de fwa pa semèn, k ap kòmanse ak 10 a 20 moun k ap transfere pandan chak transfè. Yo p ap transfere okenn prizonye ki gen kesyon ki lye ak imigrasyon.

Tout moun ki transfere yo ap resevwa menm sèvis yo bay tout moun ki nan prizon aktyèlman nan Bedford ak Taconic, epi moun ki transfere yo ap entegre nan popilasyon ki egiste nan toulede etablisman yo, san eksepsyon pou moun ki loje dejan nan Inite Konsiderasyon Espesyal (Special Consideration Unit, SCU) nan Rikers; DOCCS ap imite kondisyon lojman ak sèvis nan de etablisman yo pou popilasyon sa.

Bedford ofri edikasyon akademik, fòmasyon pwofesyonèl, sèvis tranzisyon, sèvis volontè, sèvis sou itilizasyon alkòl ak dwòg, ki enkli Trètman ki Asiste pa Medicaid (Medicaid Assisted Treatment, MAT), pwogramasyon pou inivèsite, fòmasyon pou ranplasman agresyon, sèvis pou Twomatis, Adiksyon, Sante Mantal ak Rekiperasyon (Trauma, Addiction, Mental Health and Recovery, TAMAR), pwogramasyon konpòtmantal konyitif ki gen rapò ak sèks. Etablisman an genyen yon inite medikal rejyonal, epi DOCCS ak Biwo Sante Mantal Eta a dirije ansanm de Inite Trètman Sante Rezidansyèl (Residential Mental Health Treatment Units), yon inite konpòtman terapetik, ak yon inite swen imedya. Taconic ofri menm opòtinite pwogramasyon yo tou. Anplis, tout moun k ap resevwa terapi ranplasman òmòn nan Rikers ap kontinye resevwa trètman sa nan etablisman Westchester yo.

Lè yo rive nan nenpòt etablisman, chak prizonye ap pase plizyè evalyasyon, ki enkli evalyasyon medikal ak sante mantal, ansanm ak akademik, pwofesyonèl ak bezwen ki lye ak itilizasyon dwòg. Yo idantifye bezwen chak moun, y ap wè Komite Pwogram etablisman an pou yon pwogram oswa atribisyon travay. Komite a konpoze ak Prezidan an, ki se yon Kowòdonatè Sipèvizè Reyadaptasyon Delenkan, lòt anplwaye pwogram nan, ansanm ak yon reprezantan nan chak sèvis sekirite etablisman an.

DOC ap bay transpò chak jou soti nan Vil New York pou ale nan etablisman yo pou manm fanmi ak pwòch prizonye yo, apati vandredi 22 oktòb. Ap genyen yon pwen rekiperasyon nan Bronx, Manhattan, Queens, ak Brooklyn pou chak. Bis yo ap pran vizitè yo nan chak kote de fwa pa jou. DOC ap anonse plis detay sou sitwèb li a konsènan kote egzak ak lè yo nan semèn k ap vini an.

Akoz nati tanporè transfè sa, Gouvènè Hochul te bay Komisè Pa Enterim DOCCS la Anthony J. Annucci travay pou avize Vil la sou apwoch pou solisyon alontèm. Komisè a ak ekip li a ap fè lyezon tou ak avoka yo nan kad pwosesis sa, epi I ap kontinye sipòte travay kominote defansè a an antye pou idantifye lòt opsyon anvan detansyon ki pa anprizònman.

Mwa ki pase a, Gouvènè Hochul [te ratifye](#) lejislasyon S.1144A/A.5576A, ke yo rele tou Less is More Act, an lwa. Lejislasyon sa modifiye règ pou prèv epi limite kantite tan yon moun ka anprizone ankò, pami lòt pwosedi pou detèmine si pou revoke sipèvizyon kominotè yon moun ki nan libète kondisyonèl. Lwa Less is More la vize asire Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections an Community Supervision, DOCCS) a konsantre resous li nan ede moun ki fini sipèvizyon kominotè a avèk siksè epi evite retou alavni nan detansyon DOCCS oswa sipèvizyon. Jiska prezan, 239 moun te libere nan Rikers nan kad lejislasyon sa.

Gouvènè Hochul anonse anvan [yon akò](#) avèk DOCCS Vil NY ak vil la pou otorize moun ki nan prizon yo ke yo te kondane pou omwen katrevendis jou pou yo transfere soti nan Rikers Island pou ale nan etablisman Eta New York yo. Yon total 143 gason ki te nan prizon te transfere soti Rikers pou ale nan etablisman Eta New York yo.

Vil la te pran plizyè mezi pou abòde sitiyasyon nan Rikers la. Vil la te ouvri yon nouvo operasyon admisyon, ki enkli de klinik, epi li te akselere pwosesis admisyon an pou asire lojman rapid epi ki apwopriye. Vil la te akselere tou enstalasyon nouvo pòt selil yo pou amelyore sekirite, mete plis sèvis netwayaj pou amelyore kondisyon yo, ak pwogramasyon ki elaji pou moun ki nan gadavi pou ede nan angajman epi diminye vyolans. Vil la genyen tou angajman ki ogmante pou anplwaye ki pa prezante nan travay la, te kreye plis sipèvizyon sou pwosesis apèl nan ka maladi a, epi bay motivasyon a anplwaye k ap travay di atravè pèman bonis ak sipò sou zile a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)